# 2017 Ирон къæлиндар 2017

Къæлиндар скодта ЦГЪОЙТЫ Хазби



## Иу адæмæн — иумæйаг бæрæгбæттæ

Иу адæмæн сæ бæрæгбæттæ хъуамæ иу уой, кæцы бонты сæ кæной — уый дæр. Ахæм хъуыдыйыл хæст вæййын æрвылаз дæр ирон бæрæгбæтты къæлиндарыл кусгæйæ. Уый тыххæй сæ бирæ рабар-бабар кæнын фæхъæуы: чи нæм дзы нæ рагфыдæлтæй æрхæццæ, куыд уыд, афтæмæй, кæуыл та чырыстон дины тæваг фæтых. Раздæр ацы арфæйаг куыст кодта ирон куырыхон æмæ ахуыргонд зæронд лæг Хозиты Федыр. Уый ахуыргæнæгæй, скъолайы директорæй дзæвгар азты фæкуыста алы кæмтты æмæ хъæуты. Ирон бæрæгбæтты тыххæй фембырд кодта хъæугæ æрмæг, æмæ уый фæлтæрддзинадæй дæр спайда кæнын.

Уæд дæр æмæ ныр дæр, бæргæ, æцæг арфæйаг куы уаид ацы куыст, фæлæ йæ ныммыхуыры фæстæ бирæ алыхуызон ныхæстæ рауайы. Уымæн æмæ Ирыстоны алы ком, суанг хицæн хъæутæ дæр иу кæнæ иннæ бæрæгбон бæрæг кодтой алыхуызон æмæ алы афонты. Сæ Ныхасы лæгтæ-иу уынаффæ куыд рахастой, уыцы бонты. Гъе, уымæ гæсгæ алчидæр къæлиндар фæбары, цы комæй, хъæуæй рацыд, уый барæнтæй.

Иу хатт ма йæ зæгъын, раздæр ирон адæм фылдæр хæхбæсты алы кæмтты цардысты, кæрæдзимæ стæм хатт йеддæмæ не 'фтыдысты, æмæ сæ ныхасы хъæды, се 'гъдæутты, бæрæгбæттæ кæныны хицæндзинæдтæ фæзынд. Уый нæ, фæлæ ма сæм дунейы хъæр нæ хæццæ кодта, дунейы къæлиндармæ гæсгæ нæ цардысты, рæстæг нымадтой æрмæст бонтæ æмæ къуыритæй, мæйтæ кæрæдзийæ рæстмæ нæ хицæн кодтой. Сæ бæрæгбæттæ æмæ зæххы куыстыты афонтæ фылдæр бæлвырд кодтой хуриу хохы фахсæй кæцы къахырæй скаст, уымæ гæсгæ. Уымæ гæсгæ амынд цыд иу кæнæ иннæ бæрæгбон дæр. Стæй зæхгуысты афон дæр. Æмæ ма уæ алчидæр ахъуыды кæнæд: хæхты къахыртæ алы комы дæр алыхуызон не сты, стæй алы комæн дæр йæ æрдзыхъæд цæмæйдæр хицæн кæны: кæцыдæр дзы цъититæм хæстæг у, иннæ къæдзæхты 'хсæн арф æвæрд у, æртыккаг — уæлхох быдыры æмæ афтæ дарддæр. Ахæм уавæрты сæ дунеон къæлиндары сæр хъæугæ дæр ницæмæн кодта.

Ныры уавæр æндæр у. Хæхбæсты бирæ адæм нал цæры. Чи дзы ис, уыдон газеттæ исынц, радиомæ хъусынц, телевизормæ кæсынц. Дунейы хъæр сæм хъуысгæ нæ, фæлæ дзы архайæг дæр сты. Ахæм къуыри нæ вæййы æмæ, Мæскуыйæ Арвыкомы, Ручъы фæндæгты тыххæй ма радзурой. Уæдæ куыд ис æппæт дунейы къæлиндарæй иппæрдæй цæрæн! Æмæ æз дæр ирон бæрæгбæтты равæрын уымæ гæсгæ.

Ногбон æрвылаз дæр бæрæг кæнæм ног æмæ зæронд нымадæй. Уый æгъгъæд нæу, æмæ ма йæ чидæртæ къуырийы бонтæм гæсгæ кæнын кæнынц цыппæрæмы. О, зонын æй æз дæр, нæ фыдæлтæ хæхбæсты иу цыппæрæмы Цыппурс кодтой, Джеоргуыбайæ цыппор боны фæстæ, иннæ цыппæрæмы та — Ногбон. Фæлæ йын ныр афтæ кæнæн нал ис. Афæдз дыууадæс мæйыл дихгонд цæуы, æмæ къуыритæй нæ, фæлæ бонтæй арæзт сты. Уырыс та Ног аз бæрæг кодтой 1 сентябры æмæ сын æй Петр I тыхæй раивын кодта 1 январмæ, ныры 14 январмæ.

Ногбон нæ фыдæлтæ кæд кодтой, уый растдæр у, афтæ хъæддыхæй чи дзуры, уыдонæн та зæгъын: "Нæ рагфыдæлтæ та йæ бæрæг кодтой зымæджы хъызты нæ, фæлæ уалдзæджы: мартъийы-иу бон æмæ æхсæв — 21 мартъийы куы сæмхуызон сты, уæд". Уæд-иу куывтой Бæлдæрæнмæ.

Уый у ирон мифологийы æрдзы бардуаг. Зæххы цъарыл царды цыдыл бар дары Бæлдæр. Цæрæгойæ зайæгоймæ Хуыцауы раз йæ бар ис сæ гуырæн, зайæн, рæзæн, зæйц æмæ фылдæргæнæн хъомыс. Бæлдæры фæндæй мыггаг кæнынц æппæт зайæгойтæ æмæ цæрæгойтæ дæр. Уый аудындзинады фæрцы равзæры гуырдз цæрæгойы, билцъ зайæгойы мыггаджы, æмæ нæ сæфы сæ хъæстæ.

Æрдз йæ зымæгон фынæйæ куы райхъал вæййы, рæдзæ-мæдзæ куы нал фæкæны, фæлæ хуры хъармæ бынтондæр куы базмæлы, æхсæв æмæ бон сæ бартæ кæрæдзимæ куы раттынц, æмæ бон даргъдæр куы райдайы, уæд йæ тыхы бацæуы Бæлдæр. Йæ хъомыс байзæры зæххыл, æмæ гуырдз кæнынмæ, билцъ уадзынмæ фæвæййынц, чидæриддæр, цыдæриддæр йæ фæстæ мыггаг уадзы, уыдон. Уый фæдыл ирон адæммæ абон дæр ма ис бæрæгбон Бæлдæрæн.

"Ирон адæмы уырнынадмæ гæсгæ, Хуыцау фыццаг сфæлдыста хъæд, дуртæ, фос, — фыссы зындгонд ахуыргонд Цыбырты Людвиг, — фæлдисгæ та сæ скодта къæйттæй, æмæ Бæлдæрæны уыдонæн вæййы къайады бон, уæд бауддзыд вæййынц. Дзырдтой, зæгъгæ, хъæд джыртмæ цæуы. Афтæмæй Бæлдæрæн цасдæр бæрцæй нымад цыдис "бауддзыдуæвыны стыр боныл". Иугæр афтæ уыд, уæд дзы сылгоймæгтыл дæр æмбæлдис иукъорд нæфæтчыйы æгъдæуттæ кæнын. Уыцы бон уыдонæн нæ фæтчыдис дурыл кæнæ хъæдыл бадын, хъуамæ-иу бадтаиккой зæххыл, уымæй дæр уæгъдибар æнæгъдау бадтæй нæ, фæлæ, йæ къæхтæ йæ быны æрбамбырд кодтаид, афтæмæй".

Бæлдæрæны нæ фæтчыдис хъæд калын, бæлæстæ æмæ æндæр зайæгойтæ æхсæдын, бæгæбонæн сыл кусарт æргæвдын. Уымæн æмæ цæмæдæриддæр уддзыдæй зæрдæхсайæн уыд, уый æрмæст бахъыгдарын дæр тæригъæдыл нымад уыд. Уыцы бон, æгъдаумæ гæсгæ, хъуамæ алчидæр уыдаид хъæлдзæг, зæрдæрухс, боныгон фынæй кæныны бар никæмæн уыд. Æппæт æрдз дæр куы райхъал, уæд ды та фынæй кæныс!

Бæлдæрæны бæрæгбон, дам, куыд æй арвитай, афтæ уыдзæн дæ цард афæдзы дæргъы. Уымæ гæсгæ адæм сæхи дардтой хъæлдзæг, кодтой Бæлдæрæны куывдтæ, фæрзиумæ бæлгæйæ архайдтой фынг куыд бæркадджындæрæй æрæвæрыныл, куывтой Стыр Хуыцаумæ, Уастырджимæ, Бæлдæр æмæ иннæ зæдтæм, дауджытæм. Куырдтой сæ ивгъуыд азæй хуыздæр хæрзтæ, хъæздыг тыллæг, сæ фосæй бирæ æмæ хæрзхъæд зæйц. Уыцы бонмæ йæхиуыл хæс ничи уагъта, фыстой фыййæутты æмæ хъомгæсты афæдзы мызд дæр æмæ йæ хуыдтой Бæрнаг фидæн бон дæр. Уыцы бонæй фæстæмæ фосæн скъæты, хæрæны холлаг нал лæвæрдтой.

Бæлдæрæны бæрæгбоны æгъдæуттæ сты Ногбоны æгъдæутты æнгæс. Æмæ уый хуымæтæджы нæу. Нæ рагфыдæлтæ Хуры царддæттæгыл куы нымадтой, артæн, зынгæн нымд куы кодтой, уыцы заман Ног азы æрцыд нымадтой, Хур-иу Зæхмæ фæстæмæ куы раздæхт, цард ыл-иу йе 'ппæт хъарутæй куы бафтыдта, бон-иу æхсæвæй даргъдæр кæнын куы райдыдта, уæд. Ныр дæр ма уыцы афон 21 мартъийы Ногбон бæрæг кæнынц уыцы диныл хæст зороастриæгтæ, Иран, Афганистан æмæ Индийы. Æмæ, æвæццæгæн, уыдон, стæй нæ фыдæлтæ дæр растдæр уыдысты. Уымæн æмæ æппæт æрдзæн: цæрæгойæ-зайæгойæ йæ Ног аз бæлвырдæй уæд райдайы, уæд сыл æрбакæлы царды комытæф йе 'ппæт тыхтæй æмæ монцтæй. Уæд вæййы бирæ цæмæндæртæн сæ райдайæн. Кæй зæгъын æй хъæуы, афæдзæн дæр.

Ирон къæлиндармæ фылдæр бахæссын, ирон адæмæн иумæйаг чи у, уыцы бæрæгбæттæ, стæй та, иу кæнæ иннæ комы цæрджытæ кæй бæрæг кодтой, ахæмтæ. Амынд дзы фæцæуынц, ирон адæм цы кæмтты нал цæрынц, суанг абон Гуырдзыстонмæ Ирыстонæй цы зæххытæ хауынц, уымыты цы кувæндæттæ баззад, уыдоны бæрæгбæттæ дæр. Зæгъæм, Ломисы Уастырджи, Дзимыры Саниба, Къобы Уастырджи, Арсайы Уастырджи æмæ æндæртæ. Уымæн æмæ сын сæ бæрæгбæттæ бæрæг кæнынц уырдыгæй ралидзæг ирон адæмы абоны байзæддаг фæлтæртæ. Къæлиндармæ нæ бахæссын иу хъæуы, мыггаджы, сыхы бæрæгбæттæ.

Бæрæгбæттæ адæмы иудзинады стыр хъомыс сты, æмæ сæ хъуамæ æмхуызон иумæ кæнæм. Иумæйаг Ирон къæлиндар дæр арæзт уымæн æрцæуы. Цæмæй нæ кæрæдзи хъæр хуыздæр бамбарæм, нæ иудзинадæн исты ахъаз фæуа.

| Тъæнджы мæй ( январь) | | |
|---|---|---|
| Ногбон | 1 бон | хуыцаубоны |
| Цыппурс | 7 бон | сабаты |
| Бынаты æхсæв | 10 бон | æртыццæг æхсæв |
| Ногбоны æхсæв (зæронд нымадæй) | 13 бон | изæрæй райсоммæ |
| Ногбон (зæронд нымадæй) | 14 бон | сабаты |
| Бадæнтæ | 15 бон | изæрæй райсоммæ |
| Донæскъæфæнтæ | 19 бон | цыппæрæмы |
| Фацбадæн | 22 бон | хуыцаубоны |

| Æртхъирæны мæй (февраль) | | |
|---|---|---|
| Нафы бон | 5 бон | хуыцаубоны |
| Комахсæн (галæргæвдæн хуыцаубон) | 12 бон | хуыцаубоны |
| Фыды комбæттæны къуыри | 13-19 бонты | |
| Урсы къуыри (цæрвкъахæн) | 20-26 бонты | |
| Стыр комбæттæн | 26 бон | хуыцаубоны |
| Комдарæны райдайæн | 27 бон | къуырисæры |

| Тæргæйтты мæй (мартъи) | | |
|---|---|---|
| Аларды | 6 бон | къуырисæры |
| Рæстæйы бон | 9 бон | цыппæрæмы |
| Тутыртæ | 13 бон | къуырисæры |
| Хор-хоры бон (Рæмон бон) | 14 бон | дыццæджы |
| Лауызгæнæнтæ | 17 бон | сабатæхсæвы |
| Рагон ирон Ногбон | 21 бон | дыццæджы |
| Астæумархо | 23 бон | цыппæрæмы |
| Чындзыты донмæгæнæн бон | 26 бон | хуыцаубоны |

| Хуымгæнæны мæй (апрель) | | |
|---|---|---|
| Къостайы мысæн бон | 1 бон | сабаты |
| Зазхæссæн | 8 бон | сабаты |
| Къутугæнæнтæ | 9 бон | хуыцаубоны |
| Куадзæн | 16 бон | хуыцаубоны |
| Мæрдты куадзæн | 17 бон | къуырисæры |
| Хæдзарвæндаджы бон | 19 бон | æртыццæджы |
| Таранджелос | 20 бон | цыппæрæмы |
| Урсы дзуар | 23 бон | хуыцаубоны |
| Хъæнджын мæрдты бон | 24 бон | къуырисæры |
| Дзимыры Саниба | 30 бон | хуыцаубоны |
| Арсайы Уастырджи | 30 бон | хуыцаубоны |

| Зæл(р)дæвæрæны мæй (май) | | |
|---|---|---|
| Касутæ | 2 бон | дыццæджы |
| Суаны Уасджеорджи | 6 бон | сабаты |
| Ирон æвзаджы бæрæгбон | 15 бон | къуырисæры |
| Зæл(р)дæвæрæн | 25 бон | цыппæрæмы |

| Хурхæтæны мæй (июнь) | | |
|---|---|---|
| Кæрдæгхæссæн | 4 бон | хуыцаубоны |
| Уæлæмæсыджы Уастырджи æмæ Мады-Майрæм | 5 бон | къуырисæры |
| Ломисы Уастырджи | 7 бон | æртыццæджы |
| Реком | 10 бон | сабаты |
| Дауджытæ | 11 бон | хуыцаубоны |
| Дзывгъисы Уастырджи | 13 бон | дыццæджы |
| Фæлвæра | 18 бон | хуыцаубоны |
| Цыргъобау | 18 бон | хуыцаубоны |
| Уацилла | 19 бон | къуырисæры |
| Ныхасы Уастырджи | 25 бон | хуыцаубоны |

| Сусæны мæй (июль) | | |
|---|---|---|
| Хетæджы Уастырджи | 9 бон | хуыцаубоны |
| Дзири-дзуар | 9 бон | хуыцаубоны |
| Гæлиаты Авд дзуары | 9 бон | хуыцаубоны |
| Кæхцгæнæнтæ | 16 бон | хуыцаубоны |
| Фыры дзуар | 17 бон | къуырисæры |
| Хохы Уастырджи | 19 бон | æртыццæджы |
| Хуыцауы дзуар | 23 бон | хуыцаубоны |
| Фæроны дзуар | 23 бон | хуыцаубоны |
| Цыргъы дзуар | 25 бон | дыццæджы |
| Бызы Саубарæг | 25 бон | дыццæджы |
| Атынæг | 30 бон | хуыцаубоны |
| Къобы Уастырджи | 30 бон | хуыцаубоны |
| Цыргъисæн | 30 бон | хуыцаубоны |

| Майрæмы мæй (август) | | |
|---|---|---|
| Задæлескы Нана | 5 бон | сабаты |
| Беслæны Уастырджи | 6 бон | хуыцаубоны |
| Дурджын бæрзонды Уастырджи | 13 бон | хуыцаубоны |
| Ног дзуар | 14 бон | къуырисæры |
| Майрæмы куадзæн | 25 бон | майрæмбоны |
| Иры хъæуы дзуæрттæ | 27 бон | хуыцаубоны |

| Рухæны мæй (сентябрь) | | |
|---|---|---|
| Беслæн. Номарæн бонтæ | 1-3 бонтæ | |
| Фæззæджы Аларды | 4 бон | къуырисæры |
| Нары дзуар | 6 бон | æртыццæджы |
| Фæззæджы Тутыр | 11 бон | къуырисæры |
| Мыкалгабыр | 14 бон | цыппæрæмы |

| Кæфты мæй (октябрь) | | |
|---|---|---|
| Дзылаты (Уастырджи) | 1 бон | хуыцаубоны |
| Ичъына | 8 бон | хуыцаубоны |
| Дыгургомы Уастырджи | 8 бон | хуыцаубоны |
| Джеры Уастырджи | 8 бон | хуыцаубоны |
| Къостайы райгуырæн бон | 15 бон | хуыцаубоны |
| Хоры сæры куывдтæ | 29 бон | хуыцаубоны |

| Чындзæхсæвты мæй (ноябрь) | | |
|---|---|---|
| Джеоргуыба (галæргæвдæн хуыцаубон) | 19 бон | хуыцаубоны |
| Уастырджимæ кувæн æхсæв | 20 бон | дыццæгæхсæв |
| Уастырджимæ кувæн къуыри | 20-27 бонтæ | |
| Уастырджийыл хи фæдзæхсæн | 26 бон | хуыцаубоны |
| Уастырджийы æрвитæн æхсæв | 27 бон | дыццæгæхсæв |

| Цыппурсы мæй (декабрь) | | |
|---|---|---|
| Ныккола | 3 бон | хуыцаубоны |
| Цыппурс (ног нымадæй) | 25 бон | къуырисæры |
| Ногбоны æхсæв (ног нымадæй) | 31 бон | хуыцаубоны |

**Январь**

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Къ. | | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Дц. | | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Æц. | | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Цп. | | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Мб. | | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Сб. | | 7 | 14 | 21 | 28 | |
| Хб. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 | |

**Февраль**

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Къ. | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Дц. | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Æц. | 1 | 8 | 15 | 22 | |
| Цп. | 2 | 9 | 16 | 23 | |
| Мб. | 3 | 10 | 17 | 24 | |
| Сб. | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Хб. | 5 | 12 | 19 | 26 | |

**Мартъи**

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Къ. | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Дц. | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Æц. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Цп. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Мб. | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Сб. | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Хб. | 5 | 12 | 19 | 26 | |

**Апрель**

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Къ. | | 3 | 10 | 17 | 24 |
| Дц. | | 4 | 11 | 18 | 25 |
| Æц. | | 5 | 12 | 19 | 26 |
| Цп. | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Мб. | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Сб. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Хб. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |

**Май**

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Къ. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Дц. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Æц. | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Цп. | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Мб. | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Сб. | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Хб. | 7 | 14 | 21 | 28 | |

**Июнь**

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Къ. | | 5 | 12 | 19 | 26 |
| Дц. | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Æц. | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Цп. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Мб. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Сб. | 3 | 10 | 17 | 24 | |
| Хб. | 4 | 11 | 18 | 25 | |

**Июль**

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Къ. | | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Дц. | | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Æц. | | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Цп. | | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Мб. | | 7 | 14 | 21 | 28 | |
| Сб. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 | |
| Хб. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 | |

**Август**

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Къ. | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Дц. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Æц. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Цп. | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Мб. | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Сб. | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Хб. | 6 | 13 | 20 | 27 | |

**Сентябрь**

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Къ. | | 4 | 11 | 18 | 25 |
| Дц. | | 5 | 12 | 19 | 26 |
| Æц. | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Цп. | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Мб. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Сб. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Хб. | 3 | 10 | 17 | 24 | |

**Октябрь**

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Къ. | | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Дц. | | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Æц. | | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Цп. | | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Мб. | | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Сб. | | 7 | 14 | 21 | 28 | |
| Хб. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 | |

**Ноябрь**

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Къ. | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Дц. | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Æц. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Цп. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Мб. | 3 | 10 | 17 | 24 | |
| Сб. | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Хб. | 5 | 12 | 19 | 26 | |

**Декабрь**

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Къ. | | 4 | 11 | 18 | 25 |
| Дц. | | 5 | 12 | 19 | 26 |
| Æц. | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Цп. | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Мб. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Сб. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Хб. | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |